


NYCHV(S)

New York City Housing and Vacancy Survey

Your Participation Matters
Su participación es importante
Patisipasyon w enpòtan
您的参与很重要
您的參與很重要
আপনার অংশগ্রহণ মূল্যবান
ваше участие имеет значение



Sou NYCHVS la

Chak twa zan, Sondaj lojman ak pòs vid nan vil Nou Yok/ New York City Housing Vacancy Survey (NYCHVS) fè entèvyou ak dè milye Nouyòkè pou pli byen konprann bezwen ak eksperyans rezidan nan chak kominote yo. Sondaj la fèt pa pa biwo resansman ameriken an, pou Vil Nou Yok. Enfòmasyon yo itilize pa ofisyèl eli yo, chèchè akademik yo, ak defansè kominote yo.

Poukisa li enpòtan

Nou bezwen tande ou pale pou konprann defi Nouyòkè yo pandan ane pase a. Repons ou yo nan sondaj la reprezante dè santèn de lòt Nouyòkè tankou ou. Ansanm ak enfòmasyon nan men lòt moun nan kominote w la, kontribisyon ou ap ede pran desizyon enpòtan pou amelyore vil nou an.

Entèvyou yo san danje epi yo prive

- Ekip nou an swiv pwosedi ki fèt pou pwoteje tout moun kont COVID-19. Ni moun kap bay entèvyou a avek ou pral mete mask figi ak pratik distans sosyal nan tout tan.
- Pwosedi nou yo baze sou konsèy sante piblik ki la kounye a. Pou wè sa n ap fè kounye a, tanpri vizite www.nyc.gov/nychvs/covid
- Tout enfòmasyon ou yo ap rete entèdi konfidansyèl epi yo pa janm ka asosye dirèkteman avèk ou. Ou ka refize bay non ou oswa enfòmasyon pou kontakte ou epi sote nenpòt kesyon ke ou pa konfòtab reponn.

Ki jan ou ka ede

- Li fasil pou ou jwe yon pati nan 2021 NYCHVS la. Ou pral fè entèvyou pou apeprè 30 minit pandan yon bon moman lakay ou. Si ou prefere, nou ka travay avèk ou pou jwenn yon lòt kote. Sonje byen, se sèlman Nouyòkè ki te chwazi yo ki ka patisipe nan NYCHVS la.
- NYCHVS la pale lang ou epi li ka fè entèvyou ou nan nenpòt lang ou vle.
- Tout Nouyòkè ka patisipe nan NYCHVS la. Si ou bezwen yon modifikasyon oswa akomodasyon, tanpri kontakte nou nan nimewo ki anba a.

Rele nou jodi a pou fe yon randevou 212-584-3490.
Pou aprann plis, tanpri vizite www.nyc.gov/nychvs